# НАЎАЙЫ-БУХАРА АЙМАҒЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ ЖЫРАЎЛАРЫНЫҢ УСТАЗ-ШӘКИРТ ДӘСТҮРИ ҲАҚҚЫНДА

**Эгамкулова Гаухар Мустафаевна**
*Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Аннотация.** Мақалада Наўайы-Бухара ўәлаятлары аймағындағы қарақалпақ жыраўлары ҳәм олардың устаз-шәкиртлик дәстүри ҳаққында сөз болады. Бул аймақтағы қарақалпақ жыраўлары Қубла Аралбойы регионындағы қарақалпақ жыраўлары менен де мудамы байланыста болып келген. Автордың көрсетиўинше, Наўайы-Бухара аймағы қарақалпақ жыраўлары Қубла Аралбойы жыраўларының шеберлигин жетилистириўине үлкен үлес қосқан.

**Аннотация.** В статье рассматриваются каракалпакские жырау (сказители) региона Навои-Бухара и традиции их ученичества и наставничества. Подчеркивается, что каракалпакские жырау из этого региона всегда поддерживали тесные связи с жырау Южного Приаралья. По мнению автора, жырау из Навои-Бухарского региона внесли значительный вклад в развитие мастерства жырау из Южного Приаралья, способствуя их профессиональному росту.

**Abstract.** The article examines the Karakalpak zhyrau (storytellers) of the Navoi-Bukhara region and the traditions of their apprenticeship and mentoring. It is emphasized that the Karakalpak zhyrau from this region have always maintained close ties with the zhyrau of the southern Aral Sea region. According to the author, the zhyrau from the Navoi-Bukhara region made a significant contribution to the development of the skill of the zhyrau from the southern Aral Sea region, contributing to their professional growth.

**Гилт сөзлер**: Жийен Тағай улы, жыраўлар мектеби, Аймақ жыраў, Қубла Аралбойы, репертуар.
**Ключевые слова**: Жиен Тагай улы, школа сказителей, Аймак жырау, Приаралье, репертуар.
**Key words**: Zhien Tagai uly, school of storytellers, Aimak zhyrau, Aral region, repertoire.

«Қарақалпақ жыраўларының мектеплерин» анықлаў ҳәрекети ең дәслеп даңқлы әдебияттаныўшы Н.Дәўқараев тәрепинен әмелге асырылған. Жыйналған материалларға сүйене отырып, ол қарақалпақ жыршы-жыраўларының ишинде Жийен Тағай улы мектеби бар екенлигин атап өтеди. "Бул мектептиң тийкарын салыўшы инсан бир ўақыттың өзинде ҳәм шайыр, ҳәм жыраў болған. Оның хызмети XVIII әсир орталарынан басланады. Өзиниң репертуары менен орынлаў техникасы жағынан бул мектеп өзбек бахшыларының Булыңғыр мектеби менен тығыз байланыслы" – деп көрсетеди алым өз мийнетинде [Дауқараев, 1962: 25-26].

Өз нәўбетинде фольклортаныўшы Қ.Мақсетов [Мақсетов, 1983: 42-54], соң музыка таныўшы Т.Адамбаева «Қарақалпақ жыраўларының Бухара мектеби» ямаса «Жоқарғы қарақалпақ мектебин» аймақлық мектеп сыпатында айрықша атап өтти [Адамбаева, 1991: 17-22].

Изертлеўлерге қарағанда, Бухара қарақалпақ жыраўлары бир-бири менен өте тығыз араласып, репертуар алмасып, түрли этнос ўәкиллеринен шәкиртлер таярлаған. Мысалы, «Бегмурат Жорабай улының устазы Мазар аўылындағы өзбек Қурбан шайыр, қарақалпақ жыраўы Шаңқай жыраўдың шәкирти болған. Бегмурат Жорабай улы «Әўездиң айтысыўы» атлы дәстанда Нурата жыраўлар мектебиндеги устазы ҳәм шәкирттиң бундай қарым-қатынасын былайынша сыпатлайды:

Шайырлықты ҳәўес қылдым жасымнан,
Кәмбағаллық мийнет кетпей басымнан,
Қурбан бақсы дәстанларды айтқанда,
Кетпес едим таң атқанша қасынан.

Шәўкеттиң шәкирти Қурбан шайырды,
Ҳаўазасы көп жерлерге жайылды,
Қарақалпақ, өзбек, түркмени, қазақ,
Ҳәтте тәжиклер де буған қайылды.

Халық аңызларында, рәўиятларында шәкирттиң кәмилликке ерисиўине устазы себепкер болады. Устазлар, ҳәттеки, ғайбана қоллаўшы болыўы да мүмкин. Шаңқай жыраўдың уллы устазы Аймақ ата Шаңқай жыраўдың ғайбана устазы болған. Аймақ жыраў XVIII әсирде Бухара қарақалпақлары арасынан шыққан атқарыўшы.

Қ.Мақсетовтың көрсетиўинше, "XIX әсирде – XX әсирдиң биринши ярымына дейин, яғный, «Жоқарғы қарақалпақлардың» эпикалық дәстүри жойылып, олар өзбеклер менен толық сиңисип кеткенге дейин «Бухара қарақалпақ жыраўлары мектебиниң» («Жоқарғы қарақалпақлар мектеби») мәртебеси оғада жоқары болды. «Төменги (Хорезм) қарақалпақлар»дан шыққан

көплеген жыраўлар Бухара қарақалпақ жыраўлары мектебиниң ўәкиллеринен сабақ алыўға ҳәрекет еткен. Олар ушын бул мектеп эпикалық дөретиўшиликтиң өзине тән Меккесине айналды". Атақлы жыраў Өтенияз Ийимбетов те «Бухарадан тәлим алған жыраў ғана ҳақыйқый саналып, соннан кейин ғана сөзи де, сазы да дүзелетуғын болған» деп айтып өткен [Мақсетов, 1983: 48].

Қарақалпақлардың атақлы жыраўы Қурбанбайдың биринши устазларынан болған Халмурат жыраў Бухара тәрепиндеги қарақалпақлар арасындағы атақлы жыраў болған. Ол ҳәзирги Наўайы ўәлаятына қараслы Нурата районының территориясында жасаған адам. Қурбанбай жыраў репертуарындағы дәстанларды Халмураттан үйренген болса, Халмурат Бухара қарақалпақларының атақлы жыраўы Шаңқайдан үйренген. Ал, Шаңқай Қабыл жыраўдың шәкирти болса, Қабыл жыраў қарақалпақ халқының атақлы классик шайыры Жийен жыраўдың шәкирти болған. Ал, Қурбанбай жыраўдың екинши устазы – Жийемурат жыраў Бекмуҳаммед улы да (1839-1916) Халмурат жыраўдың сүйикли шәкиртлериниң бири. Жийемурат жыраў болса Төрткүл, Шорахан, Шаббаз, Қыпшақ ҳәм Тамды районларының территорияларында жасаған ҳәм жыраўшылық еткен.

Қарақалпақ дәстанларының бири «Шийрин-Шекер» дәстаны да Қурбанбай жыраў репертуарына тән дәстанның биреўи. Бул дәстанды Қурбанбай ҳәм Қурбанбайдың устазы Нураталы Халмурат жыраўдан басқа Әмиўдәрья бойларында жасаған қарақалпақ жыраўлары атқармаған. Бул дәстанды Сәдирбай Мәўленов пенен Шәмшет Хожаниязовлар 1928-жылы Қурбанбай Тәжибаевтан жазып алған.

Жийемурат жыраў Бекмуҳамед улының жыраўшылық жолын баслаўына да бухаралы жыраўлардың тәсири күшли болады. Жийемурат жыраўда жыраўшылық өнерине болған қызығыўшылық жаслайынан басланады. Ҳәзирги Төрткүл районының Шорахан аўылы әтирапларында өткерилген той-мерекелерде қатнасып жүрген Жийемурат шайыр-жыраўлардың өнерине оғада ҳәўес етер еди. Әсиресе, жыраўлардың «Алпамыс» дәстанындағы қаҳарманлықларды жырлаўы жас баланың келешекте жыраў болыў ықласын күшейтти.

15 жасында Жийемурат жыраў Шорахан әтирапындағы бир тойға барғанда ол жерге Бухарадан қарақалпақ жыраўы Қазақбай келгенлигин биледи. Қазақбай жыраў дәстанларды атқарады. Қазақбай жыраў «Алпамыс» дәстанын атқарғанда жыраўшылық өнерине алдыннан наятый ықласланып жүрген жас жигит бул жыраўға ҳәм жыраўшылық өнерине еле де шайда болып қалады. Солай етип Жийемурат пайытын пайлап Қазақбай жыраўдың алдына барып оған устазлық етиўин сoранады. Сонда Қазақбай жыраў Жийемуратқа: «Бирадарым, сениң нийетиң жақсы, бирақ сен мениң шәкиртим болыў ойыңнан ўаз кеш. Мениң Шаңқай исмли шәкиртим бар, әне мен сени соған алып бараман» дейди. Жийемурат бул усынысты жан-жандеп қабыл етеди.

Сол жылы гүз айында болажақ жыраў Жийемурат Шаңқай жыраўға барады. Оның қасында алты жыл шәкирт болып жүреди ҳәм оннан көплеген терме-толғаў, дәстанларды үйренеди. Жигирма жасларында ол туўылып-өскен үлкеси Шораханға қайтып келеди. Өзи менен бирге Шаңқай жыраў саўға еткен қобызды да алып келеди ҳәм жыраўшылық кәсибин даўам еттиреди.

«Қырық қыз» дәстанын бухаралы жыраўлар атқарғанлығы бойынша мағлыўматларды илимпазлар өз мийнетлеринде атап өтеди. Мәселен, Қурбанбай жыраў Тәжибаев бул дәстанды кимнен үйренгенлигин ҳәм Жийен, Халмурат, Шаңқай, Қазақбай жыраўлар да бул дәстанды атқарғанлығын келтирип өтеди:

Халқына қылып ықтыят,
Тилге берсин ҳәм қуўат,
Елди қылып ол бир шад,
Алпыс жыл буны тағы да,
Баян қылған халыққа,
Шайыр-жыраў Жийемурат,
Гүлайымдай батыр қыз,
Үлги болып халыққа,
Саркоп деген қалада,
Арыслан менен екеўи,
Мурадына жетеди,
Жийен менен Жийемурат,
Муратқа булар да жетеди.

Солай екен, Жийемурат жыраў, сөзсиз «Қырық қыз» дәстанын жырлаған. Қурбанбай жыраў берген мағлыўматқа көре, «Қырық қыз» дәстанын Қазақбай жыраў да атқарғанлығын көриўимизге болады.

Жийемурат жыраў «Алпамыс» дәстанын Бухара, Самарқанд әтирапларында көбирек атқарған [Бахадырова, 1986].

Кенимехлы Бегмурат жыраўдың талантлы шәкиртлериниң бири Айдар Гүлмурат улы да

қарақалпақ жыраўшылық өнерине үлкен үлес қосқан жыраўлардан бири. Ол 1909-жылы Кенимех районы Шәдибек аўылында туўылады. Айдар жыраў кишкене ўақтынан баслап Бегмурат жыраўдың өнерине ықлас қояды. Бегмурат жыраў қайсы аўылға келмесин, излеп барып, оны бар дыққаты менен тыңлап отыратуғын болған. Баладағы үлкен қызығыўшылықты сезген Бегмурат жыраў кейиншелик оны қасына шақыртып алдыратуғын болған. Бегмурат жыраўдың қасында жүрип ол бир неше дәстанлар, терме-толғаўлар үйренеди ҳәм сол мийрасларды кейинги әўладқа жеткере билди.

«Айдар жыраўдың репертуары жыйнақлы, көркемлик қуны жоқары… репертуарындағы терме-толғаўлар, олардағы философия, сөз қурыў шеберлиги салмақлы» деп баҳа береди Айдар жыраўдың мийрасларын ақ қағазға көшириўге миясар болған Ш.Пайзуллаева [Пайзуллаева, 1995: 45].

Айдар жыраў Мақтымқулы, Әжинияздың қосықларын да билген. Әжиниязды жақсы билетуғын себеби, атақлы бухаралық қарақалпақ жыраўы Шаңқай менен Әжинияз шайыр заманлас болған, бирин-бири билген. Шаңқай жыраў атқарған Әжинияздың қосықлары устаз-шәкирт шынжыры бойынша Қурбан жыраў-Бегмурат жыраў-Айдар жыраўларға өтип келген.

Саз билен сәўбетти ялған демеңлер,
Адам Ата бина болғанда барды.
Абыл менен Қабыл ене қарнында,
Ялғаншы дүньяға келгенде барды, деп келетуғын Айдар жыраў репертуарына тийисли терме-толғаўлар Әжинияз шығармаларының қаншелли бухаралы қарақалпақлар арасына кең жайылғанынан дерек береди.

Айдар жыраў менен заманлас Қурбан жыраў Наўрыз улы да бухаралы қарақалпақ жыраўларының алтын руўхый ғәзийнесин бүгинги әўладқа жеткериўде үлкен үлес қосқан талантлылардан бири саналады.

Қурбан жыраў Наўрыз улы да Бегмурат жыраўдың шәкирти. Ол 1927-жылы Кенимех районы Шардара-Тоқмаңғыт аўылында туўылған. Мектепте дәслеп қарақалпақ тилинде оқыйды. 1949-1953-жыллар арасында Бухара пединститутында тәлим алады.

Оның ядта сақлаў қәбилети жоқары болады. Бул қәбилети Бегмурат жыраўдың да нәзерие илинеди ҳәм өзине шәкиртликке таярлайды. Лекин, ол сиясий жумысларда узақ ўақыт ислеўине байланыслы жыраўшылық өнери менен ўақтынша қол үзиўине туўра келеди. Репертуарындағы дәстанлар қатары ядынан шығайын дейди. Деген менен, “Ахмедхан ҳәм Ерназар” дәстаны бираз қыйыншылықлар менен оннан Ш.Пайзуллаева тәрепинен толық жазып алынады ҳәм “Әмиўдәрья” журналында басып шығарылады.

Улыўма алғанда, Бухаралы қарақалпақ жыраўлары мектебин, устаз-шәкиртлик дәстүри бойынша еле ислениўи тийис болған жумыслар көп. Биз тек ғана олардың айырымларына ғана тоқтап, талқыламақтамыз. Неше әсирлер даўамында дөретилген бир халықтың бай әдебий мийрасларын бир мақала көлеминде айтып өтиў, оларға тутас баҳа бериў қыйын. Бухара-Наўайы аймағындағы қарақалпақ жыраўларының мийраслары еле талай әўладқа руўхый хызмет етип, халық ийгилигине айланып, қарақалпақ халық аўызеки дөретиўшигилиниң алтын ғәзийнеханасындағы қунлы мүлклердиң қатарынан орын алары сөзсиз.

## ӘДЕБИЯТЛАР


1. Адамбаева Т. «Жыраў намалары» топламына алғы сөз // Жыраў намалары: Алғысөз. Сазноталары / Баспаға таярлаған ҳәм жуўаплы ред.: искусство илим. канд. Т.Адамбаева; Ноталастырған: М.Жийемуратов. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1991.
2. Бахадырова С. Мамбетназаров К. Каримов А. Жиемурат жыраў / ӨзРИАҚҚб Хабаршысы, 1986, №4.
3. Давкараев Н. Очерки по истории дореволюционной каракалпакской литературы. – Ташкент: Изд. АН УзССР, 1962.
4. Мақсетов Қ. Қарақалпақ жыраў-бақсылары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1983.
5. Пайзуллаева Ш. «Аз емесдур, қарақалпақ көп!..» – Нөкис: Қарақалпақстан, 1995.